



LWA SOU EKSTANSYON PÈMI NOVANM 2010

KESYON MOUN POZE SOUVAN

Dokiman sa a bay repons sou kesyon moun poze souvan konsènan lwa souekstansyon pèmi lè li afekte pèmi ajans eta a bay. Li pa fèt nan lide pou bay konsèy konsènan minisipalite ki bay li a.

KISA LWA SOU EKSTANSYON PÈMI A YE?

Se Seksyon 173 ki nan chapit 240 nan lwa 2010 ki te kreye Lwa sou EkstansyonPèmi a.

Objektif lwa sa a se pou fè pwomosyon pou ogmantasyon kantite travay ak repriz ekonomi a sou yon peryòd ki long, epi Lwa sou Ekstansyon Pèmi a kontinye avèk objektif sa a pandan 1 ap etabli yon ekstansyon otomatik pou de (2) lane pou kèk

pèmi ak lisans konsènan itilizasyon oswa devlopman byen imobilye. Avèk kèk eksepsyón, lwa a pwolonje yon fason otomatik, pou de (2) lane anplis dat ekspirasyon ki t ap aplike nòmalmán an. Li ap aplike pou nenpòt pèmi oswa apwobasyon ki te "an vigè oswa ki te egziste" pandan peryòd kalifikasyon ki te kòmanse 15 out 2008 epi ki te pwolonje jiska 15 out 2010.

KI KALITE APWOBASYON NOU AJOUTE NAN LWA SA A?

Lwa a aplike pou apwobasyon règlementè antite lokal,rejyonal oswa nan eta a bay konsènan itilizasyon oswa devlopman byen imobilye. Nou defini "Apwobasyon"yon fason ki laj, epi li gen ladan 1 nenpòt pèmi, sètifica, lisans, sètifikasyon, detèminasyon, egzansyon, dewogasyon, renonsyasyon, pèmi pou konstwi, oswa lòt apwobasyon oswa detèminasyon dwa, ak nenpòt òdonans, eksepte òdonans eksekisyón yo.

ÈSKE EKSTANSYON SA A APLIKE SÈLMAN POU PÈMI ETA A BAY?

Non, ekstansyon sa a aplike pou tout pèmi ki kalifye yo bay nan nenpòt antite minisipal, rejyonal, oswa nan eta a.

LWA A FÈ REFERANS AK YON LIS LWA. ÈSKE LWA A KOUVRI APWOBASYON KI RANTRE NAN KAD LÒT LWA?

Wi. Menm si definisyón "Apwobasyon" an gen ladan 1 yon lis lwa espesyal, li pa yon lis esklizif ki gen tout lwa ki afekte dapre lwa sa a. Pou rezon sa a, lwa a aplike pou tout apwobasyon règlementè konsènan itilizasyon, oswa devlopman byen imobilye, sof sa kigen yon egzanpsyón espesyal.

ÈSKE GEN KÈK KALITE APWOBASYON KI GEN EGZANPSYON APATI LWA SA A ?

Wi. Apwobasyon nou pral site yo la fè pati yon egzanpsyón espesyal, epi pou rezon sa a yo PA kouvri nan kad lwa a:

- Pèmi oswa apwobasyon gouvènman federal oswa yon ajans nan eta a bay dapre lwa federal la
- Pèmi yo bay dapre seksyon 20 pou rive 23 nan chapit 40B a
- Apwobasyon Depatman pou Lachas ak Plant ak Bèt bay pou lachas, lapèch ak akwakilti nan kad chapit 131
- Ajan lalwa.

ÈSKE N AP KONSIDERE AKTIVITE KI FÈT ANVAN DEVLOPMAN AN TANKOU APWOBASYON?

Non. Itilizasyon oswa devlopman byen imobilye yo konsène batiman oswa estrikti, oswa travay k ap fèt yon fason espesifik sou sit la. Epitou, yo asosye avèk devlopman batiman oswa estrikti yo, pase aktivite anvan devlopman an tankou netwayaj luil oswa materyèl ki danjere. Menm si aksyon sa yo ka konsidere kòm yon kondisyon alavans pou itilizasyon oswa devlopman yon byen imobilye, aktivite ki fet anvan devlopman an se aktivite ki fet yon fason endependan. Epitou, lè yo pa rantre nan kontèks yon pwojè devlopman ki pi laj yo pa kouvri dapre lwa a.



LWA SOU EKSTANSYON PÈMI NOVANM 2010

ÈSKE LWA SA A APLIKE POU DWA PWOPRIYETE YO BAY YON LÒT ANTITE POU LI ITILIZE BYEN KI POU ETA A?

Non. Lwa a pa aplike pou dwa pwopriyete Commonwealth la bay nan wòl li kòm pwopriyetè teren, epi li pa aplike pou dwa itilizasyon, lokasyon, lisans itilizasyon pwopriyete (sof nan ka kote yon lisans ka otorize itilizasyon oswa devlopman pwopriyete a, tankou nan ka kote yo bay yon lisans daprè chapit 91 la, oswa yon pèmi pou modifie twotwa a), epi/oswa restriksyon nan kesyon konsèvasyon oswa agrikilti.

ÈSKE 2 LANE EKSTANSYON AN OTOMATIK?

Wi. Se lalwa ki otorize ekstansyon de (2) lane a, epi li se yon bagay otomatik, sa vle di li fèt selon lalwa. Ni moun ki se mèt pèmi a ni ajans ki bay li a pa bezwen pran mezi pou aplike ekstansyon an.

ÈSKE NOU BEZWEN YON VERIFIKASYON ANPLIS POU PÈMI OSWA APWOBASYON YO BAY SELON LWA A?

Non, sof si pèmi oswa apwobasyon an prevwa pou fè yon verifikasyon anplis selon kondisyon yo lè li te an vigè pandan peryòd kalifikasyon an. Pèmi oswa apwobasyon yo te bay anvan peryòd kalifikasyon an epi ki rantre an vigè nenpòt lè pandan peryòd kalifikasyon an, epi pèmi oswa apwobasyon yo te bay pandan peryòd kalifikasyon te pase yon verifikasyon konplè, epi yo valid pou de (2) lane anplis apati premye dat ekspirasyon an.

KISA NOUVO DAT EKSPIRASYON AN YE?

Nouvo dat ekspirasyon an ap de (2) lane apati dat ki make kòm fen kondisyon legal pèmi oswa apwobasyon an. Pa egzanp, yon pèmi ki t ap ekspire 1ye septanm 2009 renouvelé kounye a epi l ap ekspire 1ye septanm 2011.

ÈSKE AJANS KI BAY YO A GEN OBLIGASON POU BAY YON AVI ALEKRI POU EKSTANSYON AN BAY MOUN KI RESEVWA APWOBASYON AN?

Non. Lwa a pa fè ajans ki ap bay yo a obligasyon pou yo bay yon avi alekri pou ekstansyon epi moun ki resevwa apwobasyon an pa bezwen yon avi alekri pou ekstansyon pèmi oswa apwobasyon li an. Sepandan, ajans ki bay li a ka pibliye yon avi jeneral sou lwa a sou sit entènèt li a, epi li kapab mete yon avi sou nòm kalifikasyon pou ekstansyon pou moun ki resevwa apwobasyon an, epi ki fè demann yon dokiman pou finansman oswa lòt objektif.

ÈSKE LWA A APLIKE POU PÈMI KONSTRIKSYON?

Wi. Nenpòt pèmi konstriksyon yo te bay ant 15 out 2008 ak 15 out 2010 pwolonje pou de (2) lane , apati dat ki te fikse pou pèmi a ekspire.

ÈSKE LWA A APLIKE AK DESIZYON, SÈTIPIKA OSWA EGZANPSYON KI NAN POLITIK ANVIWÒNMAN NAN MASSACHUSETTS (MASSACHUSETTS ENVIRONMENTAL POLICY ACT, MEPA)?

Wi. Yo site yon fason espesifik nan definisyon "Apwobasyon" ki ajoute nan lwa a sètifica yo bay selon MEPA a. Pou rezon sa a, sètifica yo te bay oswa ki te an vigè ant 15 out 2018 ak 15 out 2010 ap gen de (2) lane anplis anvan yon "periyòd tan" kote li pa an vigè oswa li pa egziste nan objektif lwa sa a. Lwa a konsève yon fason espesifik pouvwa ajans ki bay li a genyen pou kanpe oswa anile yon apwobasyon selon kondisyon apwobasyon an li menm, oswa lwa oswa règleman ki otorize l yo.

ÈSKE LWA A APLIKE POU YON PÈMI KI EKSPIRE ANVAN PERYÒD KALIFIKASYON AN, MEN AJANS KI BAY LI A TE PWOLONJE L?

Wi, men ekstansyon an dwe otorize pèmi a pou li "an vigè" pandan peryòd kalifikasyon an; si demann pou pèmi a te annatant men yo pa t bay li pandan peryòd kalifikasyon an, pèmi apa t "an vigè oswa egziste" nan objektif lwa a. Pa egzanp, yon pèmi ki t ap ekspire jou ki se



31 janvye 2007 men otorite ki bay li a pwolonje 1 yon fason legal pou twa (3) lane (jiska 31 janvye 2010) ta dwe ekspire kounye a 31 janvye 2012.

**SI AJANS LAN TE PWOLONJE PÈMI MWEN AN PANDAN PERYÒD KALIFIKASYON AN,
SA KI FÈ MWEN TE GEN DE (2) PÈMI KI VALID POU MENM PWOJÈ A, ÈSKE TOULEDE
AP PWOLONJE?**

Menm si an prensip toulede pèmi yo ka pwolonje, li t ap fèt nan menm moman an yon fason pou de (2) lane ekstansyon dezyèm pèmi a ta kapab delè ki pèmèt yo kontwole l epi ki pi enpòtan an. Pa egzanp, si pèmi w la t ap ekspire jou ki 15 out 2009 epi ou te aplike pou yon ekstansyon epi ou te resevwa yon ekstansyon yon (1) lane jiska 15 out 2010, nouvo delè ou a se ap 15 out 2012.

**ÈSKE YON AJANS KAPAB ANILE OSWA KANPE YON PÈMI OSWA YON
APWOBASYON POU ANPECHE YON EKSTANSYON 2 LANE?**

Non. Ajans ki bay li a dwe gen yon rezon endependan epi ki otorize selon kondisyon pèmi a, lwa oswa règleman an pou anile oswa kanpe yon pèmi.

**ÈSKE LWA A RENOUVLE PÈMI KI TE EKSPIRE PANDAN PERYÒD KALIFIKASYON AN
KOTE YO TE REFIZE DEJA YON DEMANN POU EKSTANSYON OSWA
RENOUVELMAN?**

Wi. Lwa a konsève kèk dwa yon ajans genyen pou li kanpe oswa anile yon apwobasyon. Menm si yo te refize yon ekstansyon anvan sa a, lwa a renouvre pèmi oswa apwobasyon an. Sepandan, yon otorite ki gen otorizasyon pou sa konsève dwa li genyen pou li anile oswa modife yon pèmi nan limit li otorize pou fè sa, selon pèmi ki alabaz li a, otorite legal oswa règleman yo.

**ÈSKE AJANS KI BAY LI A KAPAB BAY KONDISYON POU EKSTANSYON OSWA POU
KORIJE PWOBLÈM, ERÈ, EPI/OSWA FÈ CHANJMAN NAN PWOJÈ LÈ PÈMI A
EKSPIRE?**

Non. Ekstansyon an se yon bagay otomatik epi yo pa kapab mete okenn kondisyon sou ekstansyon an. Lwa a chanje dat ekspirasyon an yon fason otomatik pou apwobasyon ki kalifye yo. Nenpòt travay ki fèt selon pèmi a oswa yon apwobasyon dwe respekte nòm pèfòmans ki egziste yo.

Sepandan, ajans ki bay li a ka modife yon kondisyon pou pwolonje pèmi oswa apwobasyon an si otorite legal oswa règleman ki alabaz li a ap pèmèt modifikasyon sa yo.

**ÈSKE AJANS KI BAY LI A KAPAB MODIFYE YON PÈMI OSWA YON APWOBASYON
POU KORIJE PWOBLÈM, ERÈ, EPI/OSWA FÈ CHANJMAN NAN PWOJÈ LÈ PERII-IIT
A EKSPIRE?**

Wi. Lwa a konsève otorite ajans ki bay li a genyen pou modife yon apwobasyon si otorite legal oswa règleman ki alabaz li a pèmèt yon modifikasyon pou korije pwoblèm, erè, oswa fè chanjman nan pwojè a. Nenpòt travay ki fèt selon pèmi a oswa yon apwobasyon ki pwolonje dwe respekte nòm pèfòmans ki egziste yo, jan li te aplike depi lè yo te bay li premye fwa a oswa lè yo te pwolonje l anvan sa.

**ÈSKE AJANS KI BAY LI A KAPAB PRAN MEZI POU FÈ APLIKE LALWA
POU REGLE PWOBLÈM KOTE MOUN PA RESPEKTE SA KI DI A?**

Wi. Lwa a konfime otorite pou fè respekte sa ki di a ajans ki bay li a genyen.

**ÈSKE LWA A AFEKTE MEZI POU DIMINYE YO TE EGZIJE KÒM KONDISYON POU
PÈMI MWEN AN?**

Non. Tout kondisyon ki te aplike pou ekstansyon pèmi oswa apwobasyon an selon lwa a ap kontinye aplike.

**ÈSKE LWA A MODIFYE LÒT BAGAY APA DAT EKSPIRASYON PÈMI OSWA
APWOBASYON PÈMI MWEN AN?**



Non. Pèmi oswa apwobasyon an dwe respekte menm kondisyon prensipal ki te aplike lè ajans lan te bay li a, sof delè pwovizwa yo te bay pou pèmi a ki pwolonje pou de (2) lane. Pèmi oswa apwobasyon yo kapab modifye selon menm kondisyon ki te genyen an premye nan pèmi oswa apwobasyon an, oswa daprè sa otorite legal oswa règleman ki alabaz li otorize.

ÈSKE SI GEN TRAVAY K AP FÈT NAN KAD PÈMI OSWA APWOBASYON AN KI MANDE LÒT PÈMI, ÈSKE Y AP PWOLONJE YON FASON OTOMATIK YOU?

Si pèmi oswa apwobasyon sa yo rantre nan kad lwa a, epi yo te bay yo oswa yo te an vigè pandan peryòd kalifikasyon an, y ap pwolonje tou.

SI MOUN KI RESEVWA APWOBASYON AN FÈ YON VYOLASYON, ÈSKE LWA A PWOLONJE PÈMI OSWA APWOBASYON AN?

Wi, men ajans ki bay li kapab pran mezi pou fè respekte lalwa ki apwopriye, sigen yon vyolasyon ki fèt. Lwa a pa modifye lòt dispozisyon sou sa ki nan pèmi oswa apwobasyon an, oswa otorite ajans ki te bay li a.

KISA K AP RIVE SI YO TE BAY YON PÈMI PANDAN PERYÒD KALIFIKASYON AN MEN TE GEN YON KONTESTASYON ADMINISTRATIF KI TE FÈT?

Nou pa pwolonje pèmi oswa apwobasyon ki te nan yon kontestasyon devan lajistik pandan peryòd kalifikasyon an, paske li pa yon pèmi oswa apwobasyon definitif, sa ki vle di li pa "an vigè oswa li pa egziste." Sepandan, si kontestasyon administratif ki te anpeche pèmi oswa apwobasyon an rantre an vigè a rezoud epi yo te bay yon pèmi definitif pandan peryòd kalifikasyon an, li se yon pèmi ki an vigè oswa ki egziste. Nan ka sa, li ka benefisyé de (2) lane pwolongasyon an. Si kontestasyon administratif la rezoud, epi yo ba nou yon pèmi definitif apre peryòd kalifikasyon an, nou pa gen dwa resevwa yon pwolongasyon de (2) lane pou pèmi definitif la.

KISA K AP RIVE SI YO TE BAY YON PÈMI PANDAN PERYÒD KALIFIKASYON AN, MEN KOUNYE A LI NAN YON KONTESTASYON ADMINISTRATIF?

Menm jan ak tout pèmi ki gen yon kontestasyon jidisyè ki annatant, nou dwe tann dènye desizyon tribinal la. Si gen yon pèmi ki kapab kalifye pou yon ekstansyon, men li gen yon kontestasyon ki annatant, epi tribinal la konfime pèmi a, pèmi a ap kalifye pou ekstansyon an. Li p ap nesesè pou gen yon ekstansyon si tribinal la pa valide pèmi a.

KISA K AP RIVE SI YO TE BAY YON PÈMI PANDAN PERYÒD KALIFIKASYON AN MEN TE GEN YON KONTESTASYON ADMINISTRATIF KI TE FÈT, EPI DESIZYON TRIBINAL LA KONFIME YO PA T BAY PÈMI A APRE PERYÒD KALIFIKASYON AN?

Kòm yo te bay pèmi a pandan peryòd kalifikasyon an, li te an vigè oswa egziste pandan peryòd kalifikasyon an. Pou rezon sa, li kalifye pou yon ekstansyon.

ÈSKE GEN NENPÒT REZON KI KA FÈ YON PÈMI OSWA YON APWOBASYON KI TE JWENN YON EKSTANSYON DAPRE LWA A PA KALIFYE POU YON EKSTANSYON ALAVNI DAPRE LWA AK RÈGLEMAN KI APLIKE POU PÈMI OSWA APWOBASYON AN?

Non. Pèmi sa yo ap rantre nan kad tout dispozisyon enpòtan pou lwa oswa règleman ki alabaz yo.

ÈSKE MOUN KI RESEVWA APWOBASYON AN KAPAB REFIZE YON EKSTANSYON?

Non. Si lwa a aplike pou yon pèmi oswa yon apwobasyon, li jwenn ekstansyon an yon fason otomatik. Sepandan, moun ki resevwa apwobasyon an kapab renonse ak apwobasyon an nan menm tèm ak kondisyon ki t ap genyen si pa t gen lwa.



**NAN KI EDISYON NAN KÒD KONSTRIKSYON ETA A (780 CMR) YON
PWOJÈ KI FÈT NAN KAD YON EKSTANSYON PÈMI A DWE SOUMÈT LI?**
Pwojè a dwe fèt dapre kòd konstriksyon eta a kote yo te bay pèmi a.

**LÈ NOU KONNEN PÈMI KI NAN CHAPIT 408 GEN YON YON EGZANPSYON POU LWA
SA A, ÈSKE PÈMI NON-40B KI ASOSYE AVÈK YON PWOJÈ40B (TANKOU PÈMI POU
TEREN KI IMID, ELATRIYE) YO GEN EKSTANSYON?**

Wi. Se sèlman pèmi yo bay nan kad seksyon 20 pou rive seksyon 23 Chapit 40B a ki pa gen eksyansyon. Nou pwolonje tout lòt pèmi ki asosye avèk pwojè a.

**ÈSKE PEMAN 40R OSWA DISPOZISYON POU REKIPERASYON FON ENSITASYON NAN
SEPARASYON ZÒN NAN PWOLONJE?**

Non. Lwa a aplike sèlman pou itilizasyon oswa devlopman byen imobilye, epi li pa pwolonje pou peman ensitatif ki nan Chapit 40R..